

NATIONAL IMMIGRATION PROJECT

Lawyers for the Movement

KI SA NOUVO RÈG SOU “PRETÈMISYON” KA AZIL YO NAN BIWO AZIL LA VLE DI POU KA MWEN AN?

01

KIJAN PWOSESIS LA TE YE NAN BIWO AZIL YO ANVAN RÈG SA?

Depi nan lane 1990 yo, moun ki pa sitwayen ameriken ki pat gentan nan pwosedi depòtasyon nan tribinal imigrasyon, te kapab depoze yon demann azil pozitif nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) epi ofisye azil ki resevwa fòmasyon espesyal revize aplikasyon yo epi fè entèvyou ak yo sou demann azil yo a. Ofisye azil la ka apwouve aplikasyon azil la. Si yo refize ka a, yo refere moun kap chèche azil la nan pwosedi depòtasyon nan tribinal imigrasyon, kote jij imigrasyon an ap konsidere aplikasyon yo a.

02

KI SA NOUVO RÈG SOU PRETÈMISYON AN YE E KISA LI CHANJE?

USCIS te pibliye yon règleman nan dat 28 Jiyè 2026, ki te antre an vigè imedyatman—sa vle di li li se lwa kounya—ki pèmèt ofisye azil yo “pretèmine” aplikasyon azil pozitif yo. Pretèmisyon vle di ke ofisye azil la ka deside ke ou pa kalifye pou azil san li pa janm pase ou yon entèvyou. Si ofisye azil la pran desizyon sa, epi ou Ozetazini san yon estati legal, ofisye azil la ap ba ou yon Avi pou Prezante epi mete ou nan pwosedi depòtasyon.

ÈSKE MAP GEN DWA EKSPLIKE KA MWEN AN BAY YON JIJ IMIGRASYON SI BIWO AZIL LA PRETÈMINE APLIKASYON MWEN AN?

Malerezman, li pa oblije sa. Depi nan ete 2025, jij imigrasyon yo te pretèmène kèk aplikasyon azil epi yo te bay lòd pou depòte moun ki pa sitwayen ameriken yo san yo pa janm ba yo yon odyans sou ka yo a. Jij imigrasyon yo ka pretèmène ka azil yo si yo panse fòm aplikasyon azil I-589 la pa ranpli nèt, si jij la pa panse moun kap chèche azil la pata ka genyen ka li a apre yon odyans, oswa si Depatman Sekirite Enteryè (avoka ki reprezante gouvènman an) deklare ke moun kap chèche azil la ta dwe chèche azil nan yon lòt peyi anba yon sa yo rele “Akò Azil Koperativ.”

Prevwa Ka Azil nan Tribinal Imigrasyon. Pou plis enfòmasyon sou Pretèmasyon tribinal imigrasyon, gade [Pretemasyon Ka Azil nan Tribinal Imigrasyon](#).



Department of Homeland Security U.S. Citizenship and Immigration Services U.S. Department of Justice Executive Office for Immigration Review			I-589, Application for Asylum and for Withholding of Removal		
START HERE - Type or print in black ink. See the instructions for information about eligibility and how to complete and file this application. There is no filing fee for this application.					
NOTE: ☐ Check this box if you also want to apply for withholding of removal under the Convention Against Torture.					
Part A.I. Information About You					
1. Alien Registration Number(s) (A-Number) (if any)		2. U.S. Social Security Number (if any)		3. USCIS Online Account Number (if any)	
4. Complete Last Name		5. First Name		6. Middle Name	
7. What other names have you used (include maiden name and aliases)?					
8. Residence in the U.S. (where you physically reside)					
Street Number and Name				Apt. Number	
City		State		Zip Code	Telephone Number ()
(NOTE: You must be residing in the United States to submit this form.)					
9. Mailing Address in the U.S. (if different than the address in Item Number 8)					
In Care Of (if applicable):				Telephone Number ()	
Street Number and Name				Apt. Number	

ÈSKE NOUVO RÈG PRETÈMISYON BIWO AZIL LA APLIKE POU KA KI TE DEPOZE ANVAN 28 JIYÈ 2026?

Wi, menm si li pa nomal pou chanje règ yo apre yon moun fin aplike pou azil, nouvo règleman an aplike espesyalman pou **tout** aplikasyon azil, kit yo te depoze anvan oswa apre règleman an te antre an vigè. Sèl eksepsyon an se pou ka ki te deja pwograme anvan 28 jiyè 2026. Kidonk, yo pa sipoze pretemine ka kote moun kap mande azil la te resevwa avi entèvyou a anvan 28 jiyè a.

KISA OFISYE AZIL YO KA FÈ ANBA NOUVO RÈGLEMEN AN?

Anba nouvo règleman an, ofisye azil yo ka revize aplikasyon azil ki nan dosye a epi decide si:



KI REZON YON OFISYE AZIL KA ITILIZE POU RANVWAYE YON APLIKASYON AZIL ANVAN DAT LIMIT LA?

Enfòmasyon jeneral pou règleman sa chita plis sou aplikasyon azil ki te depoze apre dat limit yon lane a, yon règ ki di ke moun yo dwe depoze azil sou yon lane apre yo fin rive Etazini sof si gen sikonstans ki chanje oswa ekstraòdinè. Menm si gen eksepsyon pou dat limit sa, gen chans pou yo pretèmine anpil aplikasyon ki depoze apre dat limit yon lane a epi voye bay tribinal imigrasyon san yon entèvyou.

Règ la di ke biwo azil la ka pretèmine pou lòt rezon tou, men li pa bay detay sou kijan li gen entansyon fè sa. Ofisye azil yo kapab pretèmine tou si yo jwenn yon entèdiksyon obligatwa pou jwenn azil (tankou kèk kondanasyon kriminèl), si yo gen entansyon aplike yon akò Azil Koperativ (ki deklare moun kap chèche azil la ta dwe chèche azil nan yon lòt peyi), si yo detèmine moun kap chèche azil la pa merite azil sou baz diskresyon yo (sa vle di ofisye a panse ke yo pa “merite” jwenn azil menm si yo kalifye), oswa, jeneralman si yo decide yon entèvyou pa nesesè pou refere ka a bay tribinal imigrasyon (sa vle di yo pa panse ke demann moun kap chèche azil la ase solid pou li genyen). An jeneral, Biwo azil yo pat refize azil sou baz diskresyon nan tan pase yo, kidonk li pa klè ki lè yo ka fè sa kounya. USCIS te egzamine pwoblèm tankou si yon moun te travay Ozetazini san pèmisyon oswa antre ilegalman nan lòt kalite aplikasyon pou jwenn aplikan yo pa “merite” yon benefis imigrasyon sou baz diskresyon.

ÈSKE NOUVO RÈG LA APLIKE POU TIMOUN KI PA AKONPAYE?

Malerezman, wi. Malgre timoun ki pa akonpanye yo gen dwa pou yo depoze azil afimatif nan USCIS, menm si yo nan pwosedi pou yo depòte yo, nouvo règ la pèmèt ofisye azil yo pretèmène aplikasyon yo san entèvyou. Sepandan, aplikasyon timoun ki pa akonpanye depoze yo pa anba prensip dat limit yon lane a, kidonk ofisye azil la pa ka pretèmène aplikasyon timoun ki pa akonpaye yo sou baz sa.

MWEN DEJA DEPOZE APLIKASYON POU AZIL, KISA POU M FÈ KOUNYA?

Si w gen yon avoka oswa yon reprezantan, ou ta dwe kontakte yo pou wè si ou bezwen bay plis prèv.

Pandan plizyè dizèn lane, moun kap chèche azil yo te konn abitye depoze yon aplikasyon minimòm nan biwo azil la epi konplete aplikasyon an ak enfòmasyon adisyonèl epi ki ajou apre yo fin resevwa avi entèvyou azil la. Avèk nouvo règ sa, ou (oswa ou menm ak avokaw la) ta dwe travay imedyatman pou rasanble tout prèv ou vle ofisye azil la revize. Prèv sa yo ka gen ladan yo:



yon deklarasyon
detaye nan men
moun kap chèche
azil la;



lèt nan men
lòt temwen
ki sipòte
aplikasyon an;



rapò medikal
oswa sikolojik;
rapò lapolis;



ak materyèl sou
kondisyon peyi a.

Si ou te depoze aplikasyon azil ou sou entènèt, ou ka soumèt plis prèv atravè pòtal USCIS sou entènèt la. Si ou te depoze aplikasyon azil ou sou papyè, li pa fin klè sou kijan pou soumèt plis prèv paske pifò biwo azil yo fèk anonse ke yo pap aksepte dokiman pa lapòs ankò.

09

ÈSKE BIWO AZIL LA AP AVIZEM ANVAN LI PRETÈMINE APLIKASYON AZIL MWEN AN?

Règleman an pa egzije pou biwo azil la avizew anvan yo metew nan pwosedi depòtasyon. Enfòmasyon jeneral sou règ la di ke ofisye azil la ka fè yon Demann pou Prèv, ki se yon fason fòmèl pou mande plis prèv pou sipòte aplikasyonw lan, men ofisye azil la pa oblije fè sa anvan yo pretèmine aplikasyon w lan epi voyel nan tribinal imigrasyon an.



10

ÈSKE LI TOUJOU VO LAPENN POW DEPOZE YON DEMANN AZIL AFIMATIF?

Wi, biwo azil yo ka toujou apwouve aplikasyon azil, men règ sa vle di ke wap oblije rasanble tout prèv ou yo anvan ou depoze yon demann azil olye pouw tann jiskaske yo pwogramew pou yon entèvyou.



11

ÈSKE MWEN TA DWE RETIRE APLIKASYON AZIL MWEN AN AKÒZ RÈG SA?

Pwobableman non. Si ou isit la san estat legal epiw retire aplikasyon azil ou a, biwo azil la prèske sèten pou li metew nan pwosedi depòtasyon tribinal imigrasyon an paske ou pap gen yon aplikasyon annatant ankò.



12

KI LÒT ETAP MWEN TA DWE PRAN AKOZ NOUVO RÈG SA?

Li enpòtan anpil anpil pou nenpòt moun ki depoze yon demann azil [kenbe adres yo ajou nan USCIS](#) swa lè yo metel ajou anliy oswa sou papye ak fòm AR-11 la. Ou ka resevwa yon avi nan lapòs pou yon entèvyou kap gen pou fèt, yon demann pou plis prèv, oswa yon Avi pou Prezante nan tribinal imigrasyon nan men USCIS apre ou fin depoze yon aplikasyon azil. Si ou gen yon kont USCIS sou entènèt, ou ta dwe tcheke kont sa pou pi piti yon fwa pa semèn pou nenpòt avi sou ka ou yo.

